

## MANYÈL MANM OU A TE GEN MIZAJOU POU GEN LADAN L ENFÒMASYON ANPLIS POU REZO ASISTANS SOSYAL YO

Apati **1ye janvye 2025**, ou ka resevwa tès depistaj ak rekòmandasyon pou sèvis lokal, eta ak federal ki deja egziste atravè Rezo Asistans Sosyal reyjonal yo (SCN). Si ou kalifye, gwooup lokal sa yo ka mete ou an kontak ak sèvis nan kominote w la ki ede ak lojman, transpò, edikasyon, travay, ak jesyon swen san gratis pou ou.

- Aprè ou fin pase tès depistaj nan SCN sa a, ou menm ak nenpòt manm(yo) ki enterese nan fwaye ou kapab rankontre ak yon Konseye Asistans Sosyal ki ka konfime si w kalifye pou sèvis yo ki ka ede ak sante epi byennèt endividylèl. Yo ka mande ou oswa manm fwaye ou pou dokiman sipò pou detèmine ki kote yo ka bezwen plis sipò.
- Si ou menm oswa nenpòt manm(yo) nan fwaye ou kalifye pou sèvis yo, Konseye Asistans Sosyal la ka travay avèk ou pou jwenn sipò ou bezwen an. Ou ka kalifye pou plis pase yon sèvis, sa depann de kalifikasyon chak moun. Sèvis sa yo enkli:
  - Sipò pou lojman ak sèvis publik:
    - Enstale modifikasyon nan kay tankou ranp, balistrad, ba pou kenbe, chemen, ouvèti pòt elektrik, elaji pòt, manch pòt ak amwa, enstalasyon twalèt, kabinè kwizin oswa lavabo, ak sifas anti derapan pou fè kay ou aksesib epi an sekirite.
    - Sèvis pou elimine imidite, parazit, ak maladi asmatik.
    - Bay yon klimatizè, yon aparèy chofaj, yon imidifikatè, oswa yon dezimidifikatè pou ede amelyore vantilasyon kay ou.
    - Bay ti aparèy refrijerasyon ki nesesè pou tretman medikal.
    - Ede ou jwenn epi aplike pou yon lojman ki an sekirite epi ki estab nan kominote a, sa ka gen ladan asistans ak lwave epi sèvis publik yo.
  - NOTE: Plan ou an ka kouvri kèk sèvis lojman. Se poutèt sa, gen kèk sèvis lojman ki pral mande kowòdinasyon ant Konseye Asistans Sosyal la ak jesyonè swen plan sante w la.
  - Sèvis transpò:
    - Ede w jwenn aksè ak transpò publik oswa prive pou ale kote SCN apwouve yo, tankou ale nan yon entèvyou travay, nan klas paran, nan tribunal lojman pou evite mete w deyò, nan mache kiltivatè lokal yo, ak nan biwo minisipal oswa reyjonal pou w jwenn dokiman enpòtan.
  - Sèvis jesyon swen:

- Jwenn èd pou jwenn yon travay oswa yon pwogram fòmasyon pwofesyonèl, pou aplike pou avantaj piblik, pou jere finans ou, ak plis ankò.
- Konekte ak sèvis tankou gadri, konsèy, entèvansyon nan kriz, pwogram sant swen sante, ak plis ankò.

**Kontakte yon SCN nan zòn ou an:**

3. Ou ka rele sèvis manm plan sante a nan 855-456-9126 (TTY:711) epi n ap mete w an kontak ak yon SCN nan zòn ou an.
2. Ou ka rele SCN nan konte ou a epi mande yon tès depistaj oswa plis enfòmasyon. Gade enfòmasyon kontak SCN yo nan tablo ki anba a.
3. Ou kapab vizite sit entènèt yo tou pou kòmanse yon oto depistaj.

Depi ou fin konekte ak SCN a, yon Konseye Asistans Sosyal ap konfime kalifikasyon ou nan poze w kesyon, mande w dokiman sipò (si sa nesesè), ba w plis enfòmasyon sou sèvis ki kalifye yo, epi ede w konekte avèk yo.

SCN	Konte yo	Nimewo telefòn
Alyans Ekite Sante Long Island	Nassau, Suffolk	516-505-4434
	<a href="https://healiny.org/">https://healiny.org/</a>	
Solisyon Sante Piblik	Manhattan, Queens, Brooklyn	888-755-5045
	<a href="https://www.wholeyou.nyc/">https://www.wholeyou.nyc/</a>	
Somos Healthcare Providers, Inc.	Bronx	833-SOMOSNY (833-766-6769)
	<a href="https://www.somoscommunitycare.org/social-care-network/">https://www.somoscommunitycare.org/social-care-network/</a>	